ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№232 (23.640) ● 2017 гъэм дыгъэгъаазэм (декабрым) и 2, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр хэтащ
икІи къыщыпсэлъащ Кавказ Ищхъэрэм и хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я V зэхуэсышхуэу Магас къалэм щекІуэкІым

КІуэкІуэ Ю. А. лэжьыгъэ Іуэхукіэ Ингуш Республикэм щы1ащ икІи щы-налъэм и Іэтащхьэ Евкуров Юнус-Бэч Іущ1ащ. Ахэр тепсэлъыхьащ лъэныкъуитІыр экономикэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, туризмэм, спортым, нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэм щыззэдэлажьэным дland1кІи зегъэужьыным пыщІа Іуэхуэхэм.

КИФЩІ-м и хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я V зэхуэсышхуэм и зэІуцІэ зыубгъуам, «2018 гъэм хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуащІын хуей Іуэхуэхэр» зыфІащ1ауэ щытам, къыщыщыпсалъэм КІуэкІуэм къыхигъэщащ мы зэхуэсыр сыткІи зыхуей хуэзэу къыззырызэрагъэпэщащ, апхуэдэуи зытепсэлъыхьыну къыхалъхьа Іуэхуэхэр и чэзу дыдэу утыку къызэрырахьар. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм къызэрилъытэмкІэ, иджырей журналистикэр хабзэ нэхъыщхьитІым тетщ - Іэщ1агъэм хуэІэззэу щытыныр зэхуэсыр зыхэгъэпэщыныр. «Я Іэщ1агъэм фІыуэ зэрыхащ1ыкІыр, абы зэрыхуэпэжыр ди къэралми, нэгъуэщІ хэкуэми щы-гъэльагъуэ» журналистхэм пщІэ зэрахуищІыр жиІэри, КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщащ властыр щІыхуэхэм нэхъ яхуэзІухауэ щытыным, медиа Іэнатіэм быдзу пыщІауэ къекІуэкІыным зэрителъхьэр.

Форумым куэду щагъэлъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдагъэкІа газетхэр, журналхэр, тхылъхэр. Республикэм и лІыкІуэу а зэхуэсым щы1эхэм яхэтщ газет пажэхэм я редактор нэхъыщхьэхэр, блогерхэр, КЪР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, «КЪР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм, телерадиокомпаниеэм, хъыбарегъащІэ агентствэхэм я унафэщІхэр. КЪР-м нэтынхэр къэзыгъэлъагъуэ и ягъэлэпхъуэ телевизионнэ станцым абы эфир занщІэкІэ къуритыкІащ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеуху репортажэр.

Магас къыщызэрагъэпэща гъэльэгъуэныгъэм еплъащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхмкіэ и министр Кузнецов Лев, Лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ федеральнэ агентствэм и унафэщІ Баринов Игорь, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щы1эм и къуэдзэ Попков Валерий, УФ-м связымрэ цІыхубз коммуникацэхэмкІэ и министрым и къуэдзэ Волин Алексей, Кавказ Ищхъэрэм хьихь щІыналъэхэм я унафэщІхэр.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Іэщ1агъэлІхэр зочэнджэщ

Ингуш Республикэм и къалащхьэ Магас щокІуэкІ Кавказ Ищхъэрэм и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я V форумым и лэжьыгъэр. КИФЩІ-м и медиа зэгухьэныгъэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ а зэхуэсым кърихьэлІащ щІыналъэм щылажьэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр, цІыхубз коммуникацэхэмкІэ урысей эксперт цІэрыІуэхэр, федеральнэ, щІыналъэ унафэщІхэм ящыщхэр.

ЗЭХУЭСЫМ и пленарнэ Іыхьэр къыщызэІуахым кърихьэлІащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щы1эм и къуэдзэ **Владимиров Максим**, Ингуш Республикэм и Іэтащхьэ **Евкуров Юнус-Бэч**, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхмкіэ и министрым и къуэдзэ **Развожаев Михаил**, УФ-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Кравцов Сергей**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Бондаренкэ Еленэ**, Къэзахстаным, Осетие Ипщэм, Абхъазым я унафэщІхэр. Апхуэдэ хьэщІэ лъапІэхэр къызэкІуэлІа зэхуэсым и утыку кърахьа Іуэхуэхэр ятеухуат Урысей Федерацэм и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэр хамэ къэралхэм щы1э апхуэдэ агентствэхэм зэрадзэлэжьыну щы1кІэхэм. А унэтІыныгъэм нэхъыбэу къыхагъэщхьэхуэкІхэм ящыщт дунейпсо хъыбарегъащІэ мардэхэмкІэ зэдзэгуэшэным, гражданским дипломатием, щІыналъэ прессэм иІэ мыхьэнэмрэ увыпІэмрэ гъэбелджылыным ехьэлІахэр.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэм щы1э Белавенцев Олег форумым хэтхэм къахуигъэхьа Зэрызыхуагъаазэм зэхуэсым кърихьэлІахэр щыгъуазэ хуищІащ Владимировым. Езыр къыщыпсалъэм къызэрыхигъэщамкІэ, къэралым и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм адэкІи заужьныныкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ ахэр хамэ щІыналъэхэм я СМИ-хэм зэрадзэлажьэ мардэхэм. Хуэбгъэфащэ зэрызунэмкІэ, къыкІэпхыкІуэ формыр дунейпсо пщалъэм тету екІуэкІынуц. Абы къегъэлъагъуэ ди къэралым, абы хьихь субъектхэм ящыщу Кавказ Ищхъэрэм къыщыхъу Іуэхугъуэхэр гъунэгъу щІыналъэхэми зэрафІэхьэлэмэтыр.

- Кавказым щекІуэкІ хабзэщ куэдым яфІахьэлэмэт Іуэхугъуэхэр. Абыхэм тепсэлъыхьын, диалогхэр егъэкІуэкІын хуейщ, - къыхигъэщащ Владимировым. - Хъыбарегъащ1э Іэмалхэм апхуэдизу зыщ1ауэ щ1ауэ иджырей лъэхъэнэм уэзпымыщ1ауэ улэжькІэ Іэмал иІэкъым.

Бжьыгъэ экономикэм и Іэмалхэр гъащІэм хэпщэкІуэ Іуэху зэхьэкІэхэр ящыщ. Ар Іуэху зехьэкІэм и мардэщІэхэр къызэгъэпэщыным лъабжьэ хуэхъу Іэмал гъуэзэджэщ. Абы и фІыгъэкІэ пхуегъэфІэкІуэнущ гъащІэр: цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэным, егъэджэныгъэм, сатум щэнхабзэкІуэ Іуэху зехьэкІэхэр лъагапІэщІэхэм нигъэсыфынущ.

Екъуровым апхуэдэу къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм бжьыгъэ экономикэм зыщегъэужьыным дунейпсо мардэхэм хуэкІуэ псэукІэ щІыналъэм къыщыхэзгъэпэщыныр зэрелъытар.

КоммуникацІэ Іуэхуэхмкіэ къэралхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр адэкІи егъэфІэкІуэн зэрыхуейм триухуат Развожаев Михаил ищІа докладыр. Абы зэрыжиІамкІэ, зи лІыкІуэ министерствэр щэщІауэ долажьэ ТАСС хъыбарегъащІэ агентствэм икІи проектыщІэхэр гъащІэм зэгъуэгу хапщІ. Абыхэм ящыщ, хамэ къэралхэм я хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм папщІэ Кавказ Ищхъэрэм къыщызэрагъэпэщыну пресс-турист зекІуэр. Абы хэтынущ дуней псом нэхъ щыцІэрыІуэ хъыбарегъащІэ агентствэхэр, медиа гупхэр.

Форумым апхуэдэу къыщыпсэлъащ Москва щы1э Кавказ клубым и пашэ Джафаров Шамил, РАН-м КъуэкІыпІэ къэралхэр джныкІэ и институтым и унафэщІым и къуэдзэ Аликбер, Осетие Ипщэ Республикэм ХъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Котаевэ Марие, Абхъаз Республикэм и министрхэм я кабинетым Хъыбарегъащ1э Іэнатіэхэмрэ къэрал протоколымкІэ и управленэм и пашэ Чанбэ Эльэз, Къэзахстаным щыпсэу лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэм и пресс-секретарь Досжановэ Кымбат сымэ. Зэхуэсым и утыку кърахьа Іуэхуэхэм зэрелъ щІыкІэхэр къагъэлъэгъуащ абыхэми.

КЪАРДЭН Ритэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Я къулыкъур щапхъэ ягъэлъагъуэу зэрырахьэкІым икІи хабзэншагъэхэр къызэпыудыным и лъэныкъуэкІэ куэд зэрызэфІагъэкІам папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхьилъыр етын

Жылэтеж Уэлий Хьэзэлий и къуэм - Урысей Федерацэм Следствэмкіэ и комитетым Следствэмкіэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щы1эм и инспектор нэхъыжьым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр ЕІэщ1ын

Валиев Мурат СулътІан и къуэм - Урысей Федерацэм Следствэмкіэ и комитетым Следствэмкіэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щы1эм нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэхуэхэр зэхэгъэкІыныжмкІэ и етІуанэ отделым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм дыгъэгъаазэм и 1-м
№154-УГ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. «Урысей зэкъуэт» партым и жылагъуэ Іуэхущ1апІэу республикэм и къалащхьэм щы1эм къекІуэлІа ц1ыхухэм я1ущ1ащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ цІыхухэм щ1ауІащ1ащ «Урысей зэкъуэт» партым и жылагъуэ екІуэлІапІэм.

Республикэм и унафэщІым зыкъыхуагъэзащ Налшык, апхуэдэу муниципальнэ щІыналъэ зыбжанэм щыпсэухэм. Абыхэм къалэта Іуэхуэхэр теухуауэ щытащ псэупІэхэр егъэфІэкІуэным,фэтэркуэдхъуунэхэрэзгъэпэщ1ыжьныныр зэІуэпэщ щ1ыныр, бын куэд зиІэ унагъуэхэм защІэгъэкъуэным.

ЦІыхухэм къалэта Іуэхуэхэмрэ абыхэм я лъэІуэхэмрэ ябгъэ ИткІэ зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ хуаГъуэващ я пщэ кьыдэхуэ псори пІалъэ пыухыкІахэм кьриубыдэу зэфІагъэкІыну.

Республикэм и унафэщІыр цІыхухэм щ1ауІащ1эм абы щІыгъуу «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и тхьэмадзэ Медведев Д. А. и жылагъуэ екІуэлІапІэм щы1ащ Налшык къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэ Алэкъей А. М., КъБР-м ухуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммуналнэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Къуныжь В. Хь. сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Депутатыр ц1ыхубз нык1ъуэдык1ъуэм хущхъуэкІэ дэІэпык1ъунущ

УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур ц1ыхухэм щ1ауІащ1ащ партым и Іэтащхьэ Медведев Дмитрий и жылагъуэ Іуэхущ1апІэу Налшык дэтым. А махуэм ар хэпльащ ц1ыху 12-м зэрызыкъыхуагъэза Іуэхухэм. Льэ1уэр теухуат лэжьапІэ къалъыхъуэным, щ1ы Іыхьэхэр хабзэм тету егъэтхьным, псэупІэхэр зэгъэпэщ1ыжьным, сымаджэ щхьэхуэхэр хущхъуэкІэ къызэгъэпэщ1ыным.

НАЛШЫК щыщ ЛампІэжь Любовь къэлъэІуащ езыр щыпсэу уэрамым асфальт трегъэлъхьэжьныкмкІэ депутатыр дзэІэпыкъуну. Геккиев Заур абы жриІащ дунейр Іэгъущ1ельэгъущэ зэрыхъжу лэжьыгъэ псори зэрызэфІагъэкІынур.

Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм щыщ КІэдыкІуей Людмилэ уз хьэлъэ пкъырытщ, абы къыхэкІыу икъукІэ хущхъуэ лъапІэхэр зрихьэлІэн хуейщ. Ауэ зэрымыузынщэм къыхэкІыу лэжьэфыркъыми, ахэр ирикъуу къыхуэщхуркъым. Щ1ыІэ хабзэм къызэригъэувыкмкІэ, бзылъхугъэр хущхъуэкэр пщІэнщэу зратхэм хиубыдэркъым. А псоми гупсэхуу ердІуа нэужь депутатыр телефонкІэ епсэлъащ КЪР-м Лъжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщ1ыныр зэІэпык1ынигъэмкІэ и министерствэм и унафэщІхэм икІи КІэдыкІуей Людмилэ зэрахуэзфІэкІкІэ дэІэпык1ыну елъІуащ. Апхуэдэу Геккиев Заур бзылъхугъэр кьигъэгугъащ езым и ахъшэкІэ зык1ыщ1игъэкъуэну.

Налшык щыщ Гончар Сергей пенсэм щыкІуэм къалъытакъым ар дзэм илъэсибгъукІэ зэрыхэтар. Мы Іуэхум и лъэныкъуэкІэ дзэ комиссариатымрэ пенсэ фондымрэ зэгурыІуэрэкъым икІи цІыхухэр а тІум я кум дэтщ. Геккиев Заур пенсэ фондым и унафэщІхэм елъІуащ мы Іуэхум тэмэму хэплъэну.

Депутатым а махуэм къекІуэлІа псори къигъэгугъащ дэтхэнэ зыми и лъэІухэм гулъытэкІэ зэрыхэплъэнумкІэ икІи а псори законым тету зэрыдигъэкІынумкІэ.

ПЕЧОНОВ Владилен.

2017 гъэм и III мазищым цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещІыкІыхьауэ гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№215-ПП ***2017 гъэм щ1ыкІуэгъуэм и 28-м*** ***Налшык къалэ***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ цІыхур нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м, 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м къащтам, и 4-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныбрэ социальнэ дзэпык1ынигъэмкІэ и министерствэм къызэригъэлъэгъуам ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ цІыхухэр нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейр 2017 гъэм и III мазищым ику иту сом 10570-рэ, лэжьэфыну цІыхухэм папщІэ - сом 10999-рэ, пенсионерхэм папщІэ - сом 8588-рэ, сабийхэм папщІэ - 11590-рэ хъуэу гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ

АХЪУЭХЪУ Таймураз

Гулъытэншэу зыри къэнэнукъым

УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгъуэш Адэлбий КъБР-м и Правительствэм дыгъуасэ щ1ахуэзащ1 Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ипсэухэм.

ЩХЬЭГУЭШЫМ жиІащ ильэс зыбжанэ хъуауэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и жэрдэмкІэ, цІыхухэм я гукъуэуэм зыщагъэгъуэзэн, зыщІагъэкъуэн мурадкІэ къызэрагъэпэщ зэІущІэхэр зэрекІуэкІыр икІи абы фІы къызэрыдэкІуэр, къащІугГъэм зэрахуэзфІэкІкІэ зэрадзэлэпыкъур.

- Къэбгъэльэгъуэмэ, нэхъапэкІэ мылькуКІэ, псэупІэ-коммуналнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ гугъуехь хэту дэІэпыкъуэгъу дахуэхъуну къыдэльэІуу щытар нэхъыбамэ, иджы цІыхухэм гулъытэ хуащІ я къалэ уэрамхэмрэ пщІантІэхэмрэ зэрырагъэфІакІуэ, республикэм зэрызиужь Іуэхуэхэм. Жысіэну сызыхуейращи, щІыналъэм щыпсэухэр жылагъуэ ГъащІэм нэхъ жыджэру къыхыхьащ, - жиІащ Щхьэгуэш Адэлбий. - Шэч хэмылъу, я псэукІэр нэхъыфІ, нэхъ тынш хъун папщІэ мылъку хуэныкъуэхэм я бжыгъэри мащІэкъым, сызытепсэлъыхьхэм процент 60 - 70-р яубыду къыщІэкІынщ. Ауэ, зэманым къызэригъэльагъуэщи, цІыхухэм дазэрыдэлажьэм хъер къыпокІуэ, зыгурыкІэ сэбэп дыхъумэ ди гуапэу аращ. Нэхъыщхьэр зыкъытхуэзыгъэзэхэм я гугъуехьхэр зэрызыхэтщІэр, Іэмал зэриІэкІэ дазэрыдэлэпыкъуэнур къагурыдгъэІуэнырщ. Сэбэп дымыхъуфмэ, абы и щхьэусыгъуэр цІыхум ищІэн хуейуэ къызолъытэ, жэуапынщэу зыри къанэ хъунукъыми.

Щхьэгуэшым къыхигъэщащ КЪР-м и Правительствэм, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм щиІэ егъэблэгъапІэхэм, УФ-м и Къэрал Думэм цІыхухэм я Іуэхуэхмкіэ зыхуагъаазэ зэрыхьур. Депутатым жиІащ къэкІуэну илъэсым тещІыхьауэ федеральнэ бюджетыр къыщащІэм, Лэскэн районым хыхьэ Ташлы-Тала къуажэм курыт школрэ Налшык къалэм спорт Іуэхущ1апІэрэ щ1ыухуэным теуха проектитІыр хагъэхьэн зэрахуэзфІэкІар, ахэри Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэу зэрыщытыр.

Депутатым иджырей зэІущІэм мылъкукІэ зыщІагъэкъуэну елъэІуу цІыхуитхум зыкъыщ1ыхуагъэзащ. Аруан районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм дэс цІыхубзым и гукъеуэр депутатым щыжриІэм къыхигъэщащ унагъуэкІэ мэкъумэш-фермер Іуэху зэрызэрихуэр, ауэ а Іэнатіэм хэтхэм зэрызыщІагъакъуэзащ. Аруан районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм дэс цІыхубзым и гукъеуэр депутатым щыжриІэм къыхигъэщащ унагъуэкІэ мэкъумэш-фермер Іуэху зэрызэрихуэр, ауэ а Іэнатіэм хэтхэм зэрызыщІагъакъуэзащ. «Нэхъ ипэкІэ бжэн дгъэхъуащ, Іэщ1ыхъуэу мы зэманым 12 догъашхэ. Илъэсрэ нык1ъуэ и пэкІэ республикэм и Іэтащхьэм и пщэрылъкІэ комиссэ къакІуэри ди лэжьыгъэр зэрызэтеублам еплъат, нык1ъусаныгъэншэуи къалъытауэ щытащ. АрщхьэкІэ Іуэхум зедгъэужьын папщІэ, къэрал программэм зыхэдгъэхуэфыркъым, бжьгъэ гуэр пщІыуэ тхауэ къалъытэри. Кредит къэсщтэнути, абы щ1ьэщытыкІын хуей ахъшэм сыпэлъэщынукъым. Налогыр сот, хьэрычэт Іуэхур зэхуэсщІыжмэ, иужькІэ зыкъыхсухуэгъэужьыжынукъым. Сызыщыгугъыр уэраш», - зыхуигъэзащ щІыхубзым Щхьэгуэш Адэлбий.

Бахьсэнёнкэ щыщ цІыхубзыр къэрал къулыкъущІэм и лэжьыгъэ мытыншым узынщагъэ иІэу пэрытыну екъуэхьури, жиІащ бынилІ зэрилІыр, и щхьэгъусэм Іэнатіэ хэха имыІэу сыт хуэдэ лэжьыгъэми зэрызрипщытыр, сабийхэр зэрахуэпэн ахъшэ зэрыхуэныкъуэр. Унагъуэм газымрэ псымкІэ щІыхуэщхуэ телъщ, абы къыхэкІыу закъыщІигъэкъуэну депутатым лъэІукІэ зыкъыхуагъэзащ.

Щхьэгуэш Адэлбий ахэр къигъэгугъащ дэтхэнэми и Іуэхум хэплъэу, Іэмал зэриІэкІэ ядэІэпыкъуну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Аруан щІыналъэ

Гъэр яхуэфІащ

Аруан щІыналъэм и мэкъумэщ1ыжьхэм мы гъэр яхуэІеякъым. Абыхэм, къапщтэмэ, хадзэкІ зэмылІэужьыгъуэу сом мелуан 693-рэ и уасэ кърахьэлІэжащ.

ГъАВЭГЪЭКІХЭМ бжьыхьэсэ гуэдз къудейуэ тонн 300, гъатхэсу тонни 133-рэ зэщІакъуэжащ. Мы гъэм гуэдзым и закъуэ щІы гектари 156-рэ хухахати, зы гектарым хуэзэу центнер 25 - 32-м щІигъу къытрахащ.

Иджыпсту нартыху гъавапхъэр Іуахыж. Мы зэманым ирихьэлІэу гектар мин 11-м щІигъур зэщІакъуащ икІи абы къытрахащ тонн мин 53,5-рэ. Зы гектарым хуэзэ центнер 48-рэ. Іуахыжьын хуейуэ иджыри гектар 700 къапэщылъщ.

Нартыхум къыкІэрымыхуу сэхуранымрэ соемрэ кьрахьэлІэ. Гектари 177-м хэгъэур щызэфІэкІащ. Абы къытрахащ тонн 260-рэ. Зы гектарым центнер 14-м щІигъу хуэзэ.

2017 гъэм соеу гектар 450 хасат. НобзкІэ кьрахьэлІащ тонн 930-м нэс.

Хадзэкіымкіэ дгъэзэжмэ, хозяйствэхэм нэхъыбэ яхуэзфІакІынут, бадзэуэгъуэм щы1а уэлбанэзхуэхэмрэ щ1ыщхьэуІум абы къыкІэлъыкІуа уэгъумрэ мыхьуамэ. Абыхэм я зэранкІэ гектар 435-р хэщІынугъуэ яІащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр зэрекІуэкІыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кІэпІейкІи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

● Политикэ партхэм

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо партым и Іуащхьэмахуэ щІыналъэ къудамэм и секретару Залиханов Къанщобий хахащ

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо партым и Іуащхьэмахуэ район къудамэм и ХХVIII конференцым хэтахэм Іэ зэраІэтам ипкъ иткІэ партым и щІыналъэ къудамэм и ящэ секретару хахащ щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Залиханов Къанщобий.

ПОЛИТСОВЕТЫМ хагъэхьащ Іуащхьэмахуэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ и советым и тхьэмадэ Отаров Исмэхьил, Іуащхьэмахуэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Атакуев Руслан, район администрацэм физкультурэмрэ спортымкІэ и комитетым и унафэщІ Жаппуев Магомед, КъБР-м и Парламентым и депутат Маккаев Махъты, Тырныауз къалэм и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Джаппуев Руслан, Гундэлэн къуажэм и Іэтащхьэ Атмурзаев Марат, «Къэббалъкъгипс» жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгъуьэныгъэм и техническэ унафэщІ Тохаев Хьисэ, Тырныауз къалэм дэт курыт еджапІэ №6-м и егъэджакІуэ Давиденкэ Наталье, сабий-ныбжьыщІэ спорт школым и унафэщым и къуэдзэ Къардэн Юрий, район администрацэм щІалэгъуалэ политикэмкІэ и ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэ Малкаров Мурат.

Конференцым апхуэдэу щыхахащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м иригъэкІуэкІыну XXVII конференцым и делегатхэр - Залиханов Къанщобий, Маккаев Махъты, Джаппуев Даниил, Боттаев Арсен сымэ.

ТАРИМ Алисэ.

● Школ хъыбархэр

Чэнджэщ щхьэпэхэр ират

Бахъсэн къалэ дэт, къалэн куэд щагъэзащІэ щІалэгъуалэ центрым и лэжьакІуэхэм зэІущІэ щхьэпэ иджыблагъэ ирагъэкІуэкІащ. Ар теухуат класс нэхъыжьхэм щІэсхэм школыр къауха нэужь зрагъэгъуэтыну Іэщіагъэр къыхахыныжмкІэ чэнджэщ ятыным.

ЗэІУЩІЭР къыззэшыгъэпэщахэр ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ иджырей зэманым щІэупщІэ нэхъ зиІэ, сом къызыпэкІуэ Іэщіагъэхэм. Центрым и лэжьакІуэхэр щІалэгъуалэм епсэлъыпІащ къыхахыну зыхуэй Іэщіагъэр зыхуэдэмрэ ар къыщІыхах щхьэусыгъуэмрэ зрагъэщІэу, абыхэм щхьэзакъуэ, гуп, тест лэжьыгъэхэр драгъэкІуэкІащ. ЕджакІуэхэм яхэтт зыхуеджэну Іэщіагъэр иджыри зымыыбзыхуахэр. Апхуэдэхэми гулъытэ хэха хуащІащ, чэнджэщ щхьэпэхэр иратащ.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ Аруан районым и щІыпІэ самоуправленэм и советым и унафэщІым и къуэдзэ **Къарэцыкіу Мухьэмэд**, куей администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ гъуэмрэ зрагъэщІэу, абыхэм щхьэзакъуэ, гуп, тест лэжьыгъэхэр драгъэкІуэкІащ. ЕджакІуэхэм яхэтт зыхуеджэну Іэщіагъэр иджыри зымыыбзыхуахэр. Апхуэдэхэми гулъытэ хэха хуащІащ, чэнджэщ щхьэпэхэр иратащ.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ Аруан районым и щІыпІэ самоуправленэм и советым и унафэщІым и къуэдзэ **Къарэцыкіу Мухьэмэд**, куей администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Щоджэн Риммэ**, егъэджэныгъэмкІэ управленэм и унафэщІ **Жэрыщты Олег**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Бажэ Дотий**, Къэхъун къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ **Къандэхъу Леонид**, курыт еджапІэ №1-м и директор **Хьэхъупащіэ Іэмин** сымэ, нэгъуэщІхэри. Дэтхэнэми къыхигъэщащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэр лЫгъэ хэлъу фашистыдзэм зэрыпэщІэтар икІи Хэкум и хуитынытыгъэм папщІэ абы хэта куэдым я псэр зэратар.

Къэхъун къуажэм и Іимам **Жыласэ Іэдэм** къыззэхуэсахэм дыуэ яригъэщІри, фэеплъыр къызэІуахащ. Абы и щхьэтепхъуэр трахыну хуагъэфэщащ кІрихьэлІа нэхъыжьыфІхэм ящІщ, егъэджэныгъэ Іэнатіэм и ветеран **Къэхъун Дэкуийрэ** Іуэхур зи жэрдэм **Гулэжьи Беслъэнрэ**. Иужькіэ еджакІуэ цІыкІуэхэмрэ адрей кІрихьэлІахэмрэ фэеплъым удз гъэгъахэр бгъуэралъхьащ.

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизм Къэхъун къыщыхуэІуаха фэеплъыр къызыхащІыкІа мрамор мывэр, Ростов областым хыхьэ Мартыновскэ районым щагъаувами хуэдэу, пщІэншэу крараташ Аушыджэр щыпсэу зэадззэкъуэ **Бэрбэчкэ Заурбий-рэ Беслъэнрэ**. Ар зыхуэй хуагъэзэжри, тет псалъэхэр къыхалуцІыкІыжащ **Хьэхъупащіэ Борисрэ** абы и щхьэгъусэ **Светэрэ**.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.



● ФщІэн папщІэ

2018 гъэм зэрызыдгъэпсэхунур

Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкіэ и министерствэм унафэ къищтащ ди къэралым и щіыхухэр 2018 гъэм и махуэшхуэхэм зэрызыдсыну щІыкІэм теухуауэ. Абы ипкъ иткІэ дызыхуэхьІу ильэсым зыгъэпсэхуГуэ махуэхэмкІэ щІэддзэнуРэ апхуэдэуи духьІыжыну.

ИЛЪЭСЫЩІЭР гъэлъапІэным мы гъэм дыпежьэнущ. **Дыгъэгъазэм и 30, 31** махуэхэр щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэрытехуэм къыхэкІыу дыдэсщ. Лэжьыгъэм дыщыпэрыхьэжьынур **щІыкІыплъэм (январым) 9-рщ**.

Хэкум и хьумакІуэм и махуэм папщІэ **мазаем (февралым) и 23-м щыщІэдзауэ 25 пщІондэ** зыдогъэпсэху. Абы щыгъуэми цІыхубзхэр дгъэлъапІэну зэкІэлъхьэужьу маХуиплІ тхуэхакаф - **гьатхэпэм (мартым) и 8-11-хэр**.

Гьатхэмрэ лэжьыгъэмрэ я махуэми кІыхьу дыдзсынущ. **Мэлыжьыхьым (апрелым) и 29-м щыщІэдзауэ наКъыгъэм (майм) и 2 пщІондэ** зыдгъэпсэхунущ, ауэ абыхэм япэ къит щэбэтым, мэлыжьыхьым и 28-м, дылэжьэнущ.

ТекІуэныгъэм и махуэм хухахар **накъыгъэм и 9-м** и закъуэущ, тхьэмахуэм и курыкупсым зэрытехуэм къыхэкІыну.

Гъэмахуэм и етІуанэ щэбэтми, мэкъуэуэгъуэм и 9-м, дылэжьэнущ. Апхуэдэу ящІащ бэрэжьейуэ хуэзэ Урысейм и махуэм зэкІэлъхьэужьу **мэкъуэуэгъуэм (июным) и 10-12-хэм** дыдэсын папщІэ.

Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэми апхуэдизрэ зыдгъэпсэхунущ. **Щэкіуэгъуэм (ноябрым) и 3-м щыщІэдзауэ и 5-м пщІондэ** дылэжьэнукъым икІи Іэнатіэм дыщыпэрыувэжьнур гъубжращ.

2018 гъэм и иужьрей щэбэтри лэжьыгъуэ махуэш. Абы и пІэкІэ **дыгъэгъазэм и 31-м** зыдогъэпсэху.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 2, щэбэт

♦ПщылІыгъэр гъэкІуэдыным хущІэкъуным и дунейпсо махуэщ. Ди зэманми а махуэм мыхьэнэшхуэ иІэщ: ООН-м къит бжыгъэхэм ятепщІыхьмэ, дуней псом иджыри цІыху мелуан 21-рэ хуэдизэ пщылІыпІэм щитщ. Абыхэм яхэтщ цІыхубзи сабии.

♦Урысейм щагъэлъапІэ Банк лэжьакІуэм и махуэр. 1990 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м «Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэм теухуауэ» федеральнэ законыр къызэращтам трагъэкІуэн ягъэлъапІэ.

♦Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я лъэпкъ махуэшхуэщ. 1971 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м унафэ къащтащ эмиратихыр зэгухьэу зы къэралыгъуэ къызэрагъэпэщыну.

♦1409 гъэм Лейпциг (Германие) къыщыІуахащ Европэм и щыгъэхьыкъ дыдэ университетхэм ящыщыр.

♦1804 гъэм Бонапарт Наполеон Франджым и император хъуащ.

♦1870 гъэм Рим къалэр Италие пащтыкІыгъуэм и щыхьэр хъуащ.

♦1918 гъэм РСФСР-м и ЦІыхубэ комиссархэм я советым тхьэмахуэм кІриубыдэу зыгъэпсэхугъуэу махуэ хэха гъуэныкІмрэ къэрал махуэшхуэхэмрэ ятеухуа хабзэр игъэуващ.

♦1991 гъэм Ингушым референдум щекІуэкІащ. ЩэщэнымкІ къыгъэкІынымкІ теухуауэ. Абы хэтахэм я нэхъыбапІэр апхуэдэ унафэм и тельхьэу къэуври, Ингушыр республикэ щхьэхуэ хъуащ.

♦2007 гъэм Урысейм и Къэрал Думэм и етхуанэ зэхуэсыгъуэм хэтыну депутатхэр хахащ.

♦Советым Союзым и Маршал, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхъужь, Лениным и орденыр блэнейрэ зыхуэгъэфэщащ **Баграмян Иван** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс усакІуэ, тхакІуэ, Хэку зауэшхуэм хахуэу зэрыхэтам папщІэ Вагъуэ Пльыжь орденыр, Хэку зауэ орденым и етІуанэ нагъыщэр зыхуагъэфэщащ **Гъуэщокъуэ Хъусин** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Гуанэ Аскэрбий** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 4, жэщым щыІэр 1 градус щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 3, тхьэмахуэ

♦Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1992 гъэм къищта унафэм ипкъ иткІэ ягъэуващ.

♦Компьютер графикэм и дунейпсо махуэщ

♦Пестицидхэр къагъэсэбэпу мыдэным и дунейпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ Юристым и махуэр

♦Зи Хэкур зыхъумэжурэ хэкІуэда Сэлэт Мыщыхум и махуэщ

♦1586 гъэм Америкэм къращри Европэм кІэртІофыр япэу къашащ.

♦1621 гъэм Галилей Галилео уэзэлтыр хуэдэ 32-кІэ нэхъ ину уэзыгъэлъагъу телескоп ищІащ.

♦1865 гъэм къыззэрагъэпэщащ щІыр зехьэным, мэзэкір гъэкІыным хуэгъэпса академие, Пётр Езанэм и цІэри фІащауэ щытащ. Иджыпсту ар УФ-м и мызакъуэу дунейми и еджапІэ нэхъыфІхэм хабжэ, Тимирязевым и цІэр зезыхъэ мэкъумэш академиерщ.

♦1989 гъэм США-м и президент Буш Джорджрэ КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэ Горбачёв Михаилрэ жаІащ ахэр зи унафэщІ къэралхэр афІэкІа зэрызэпэщІэмытыжыр. А махуэр тхыдэм хыхьащ «Зауэ щыІэр» щиуха махуэу.

♦1991 гъэм СССР-м Къэрал шыналъэншагъэмкІэ и комитетыр зэбграгъэкІыжащ.

♦2006 гъэм УФ-м теннисымкІэ и командэ къыхэхам Дэвис и Кубокыр къихьащ.

♦Совет конструктор, Т-34 танк цІэрыІуэр зэпкърызыльхьа **Кошкин Михаил** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ композитор цІэрыІуэ **Ротэ Нино** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, РСФСР-м и щыхубэ артистхэ **Дорошинэ Нинэ** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Географие щІэныгъэхэм я доктор, Дамаск хэрал университетым и профессор **Абдул-Сэлам Адыл** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Истамбыл щыпсэу узрэдус, узрэджыІакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къуищхьэ Догъэн** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Тележурналист, Дунейпсо Арткомитетым и саугъэтыр зрата **Токъмакъ Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей ХХкеикст, Олимп джэгуэм тІэунейрэ я чемпион хъуа **Ларионов Игорь** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, экономикэмрэ управленэмкІэ институту Псыхуабэ дэтым и профессор **Къуэщысокъуэ Заурбэч** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 4, блыщхьэ

♦Урысейм щагъэлъапІэ информатикэм и махуэр

♦1707 гъэм Урысейм щыяпэу Москва къыщыззІуахащ узынщагъэм щыкІалъыплъ къэрал Іуэхущ Іапіэ (иджыпсту ар Бурденко Н. Н. и цІэр зезыхьэ дзэ клиникэ сымаджэщ нэхъыщхьэрщ).

♦1717 гъэм Астрэхъан губернием къызэрагъэпэщащ

♦1791 гъэм Лондон къыщыдэкІащ «Обсервер» газетым и япэ номерыр.

♦1930 гъэм Цюрих дэт техникэ еджапІэ нэхъыщхьэм и профессор Паули Вольфганг нейтроныр зэрыщыІэр къихутащ.

♦1946 гъэм Москва щызэпкъралъхьащ «Москвич-400» лІэужьыгъуэм и япэ автомобилыр.

♦1993 гъэм «Яблоко» политикэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦2009 гъэм дунейм ехьжащ совет киноактёр цІэрыІуэ, СССР-м и щыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, СССР-м и Хэку саугъэтыр зрата Тихонов Вячеслав.

♦УэрэджыІакІуэ, КъБАССР-м щыхь зиІэ и артист **Ало ЛутІэ** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, тхакІуэ, драматург **Тхьэркъуахъуэ Мэжид** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп Джэгуэм я чемпион, дунейм хэнейрэ и чемпион хъуа, бжыгІыгъуэ лъагапІэхэм ельэныкмкІэ дунейпсо рекорд 35-рэ зыгъэува **Бубкэ Сергей** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 10, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хъыджэбз унэгуащэмэ, тхьэмбылыкъу ешыу.

● Футбол

ТекІуахэр Налшык щагъэлъапІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и зэхьэзхуэзэр мы гъэм иухащ. Абы текІуэныгъэ къыщызыхьащэр иджыблагъэ Налшык щагъэлъапІащ.

ТЫГЪЭ ящІащ ЛъапІэ дыдэзэр зыльысар Бахъсэн и «Автозапчасть»-ращ. Ящэщыкіэ, фокІадэ маззэм, абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и кубокыр зыІэригъэхьащ, финалым «Тэрчыр» щыхигъащІэри. Мазэ дэкІри, бахъсэндэсхэр республикэм и чемпион етІуанэу зэкІэлъхьэужьу хъуащ. ЕтІуанэ увыпІэр «Тэрчым» иубыдащ, ещанэр Сэрмакъ и «Союз»-м лъысащ.

ЩэкІуэгъуэ маззэм екІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Чемпионэм я лигэм хьыкъэ зэпеуэ. Абыи Бахъсэн и «Автозапчасть»-р щынэхъ лъэщащ, республикэм и щІымахуэ чемпион Къэхъун и «Керт»-м япэ ящри.

Гъуащхьаузэм я зэпеуэм щытекІуащ Хьэбылэ Алим. «Автозапчасть»-м и капитаным Къэбэрдей-Балъкъэрым и мыгъэрей чемпионатым топ нэхъыбэ дыдэ щыдигъэкІащ.

Кубокыр зыІэрагъэхьэн папщІэ ветеранхэм ирагъэкІуэкІа зэхьэззэхуэм пашэныгъэр щиубыдащ «Бахъсэн» футбол командэм. Федерацэм и кубокыр Іэрыхьащ «Малкэм».

КъищынэмыщІауэ, зэІущІэм щагъэлъапІащ КъБР-м футболымкІэ и япэ дивизионым и гупэм бжьыпэр щызыубыдахэу «Нартанымрэ» «Малкэмрэ». Абыхэм ягъусэу республикэм футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм хэтыну Іэмал игъэтащ «Ислъэмейм».

Зи цІэ къитІуахэм я текІуэныгъэхэм папщІэ ехьэхъуари, тыгъэ лъапІэхэр яритыжащ КъБР-м ФутболымкІэ и федерацэм и тхьэмадэ Болэ Хьэсин.

ЖЫЛАСЭ Замир.

*Сурэтым: **КъБР-м Футболымкіэ и федерацэм и тхьэмадэ Болэ Хьэсин кубокыр Іэщіелъхьэ «Автозапчасть»-м и капитан Хьэбылэ Алим.***

КъБР-м и Хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ къэрал кІуэцІ дзэхэмрэ я ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Думай Борис йохъуэхъу

Республикэ МВД-м щІыхь зиІэ и ветеран Думай Борис Щыхьым и къуэм и ныбжьыр илъэс 83-рэ зэрырикъумкІэ абы ехъуэхъуащ КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министру щыІэ, полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь.

-УИ жыджэрагъыр, къыхэпха Іуэхум уэрыхуэпэжыр, ди лэжьакІуэхэр я щІагъэм иригушуху, я Хэкур фІыуэ яльагъуу гъэсэным уи зэфІэкІ зэрыхэплъхьэр щапхъэщ.

Си гум къыбгъэдэкІыу сыноХъуэхъу уи махуэшхуэмкІэ, насып, узынщагъэ, ехъулІэныгъэ уиІэну си гуапэщ, - къыхигъэщащ Ромашкин Игорь.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

115-нэ шуудзэм хэтахэм я фэеплъ Къэхъун къыщызэІуах

Илъэс 75-рэ и пэкІэ, 1942 гъэм и гъэмахуэмрэ бжьыхьэмрэ, Сталинград и бгъэдыхьэпІэхэр лІыгъэ яхэлъу яхьумащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм и зауэлІхэм. Ростов областым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыхэкІуэдащ ди шууейхэм я нэхъыбэр икІи миниплІрэ щитхум ящыщу псэууэ къэнэжар и Іыхьэ щанэ иримыкъуращ. Хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщІэ зи псэр зытахэм я фэеплъ иджыблагъэ къыщызэІуахащ Къэхъун къуажэм.

115-НЭ ШУ дивизэм и 316-нэ полкыр къыщыщзэрагъэпэщащ Къэхъун къуажэрэщ. Дауи, абы хэтащ а жыпІэм щыщ куэди. Шуудзэм щызэуахэм я къекІуэкІыкІар зыхэгъэкІыным къаруушхуэ трегъэкІуадэ егъэджэныгъэ Іэнатіэм илъэс куэд щІауэ пэрыт Гулэжьи Беслъэн. Араш зи жэрдэмыр гъатхэ кІуам Къэхъун курыт еджапІэ №1-м и пщІантІэм КъБР-м щІыуэпсым и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм къыІаха хуей 115-рэ зэрыхасамрэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм хэту Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъ абдежым иджыблагъэ къызэрыщызэІуахамрэ.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ Аруан районым и щІыпІэ самоуправленэм и советым и унафэщІым и къуэдзэ **Къарэцыкіу Мухьэмэд**, куей администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Щоджэн Риммэ**, егъэджэныгъэмкІэ управленэм и унафэщІ **Жэрыщты Олег**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Бажэ Дотий**, Къэхъун къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ **Къандэхъу Леонид**, курыт еджапІэ №1-м и директор **Хьэхъупащіэ Іэмин** сымэ, нэгъуэщІхэри. Дэтхэнэми къыхигъэщащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм лЫгъэ хэлъу фашистыдзэм зэрыпэщІэтар икІи Хэкум и хуитынытыгъэм папщІэ абы хэта куэдым я псэр зэратар.

Къэхъун къуажэм и Іимам **Жыласэ Іэдэм** къыззэхуэсахэм дыуэ яригъэщІри, фэеплъыр къызэІуахащ. Абы и щхьэтепхъуэр трахыну хуагъэфэщащ кІрихьэлІа нэхъыжьыфІхэм ящІщ, егъэджэныгъэ Іэнатіэм и ветеран **Къэхъун Дэкуийрэ** Іуэхур зи жэрдэм **Гулэжьи Беслъэнрэ**. Иужькіэ еджакІуэ цІыкІуэхэмрэ адрей кІрихьэлІахэмрэ фэеплъым удз гъэгъахэр бгъуэралъхьащ.

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм Къэхъун къыщыхуэІуаха фэеплъыр къызыхащІыкІа мрамор мывэр, Ростов областым хыхьэ Мартыновскэ районым щагъаувами хуэдэу, пщІэншэу крараташ Аушыджэр щыпсэу зэадззэкъуэ **Бэрбэчкэ Заурбийрэ Беслъэнрэ**. Ар зыхуэй хуагъэзэжри, тет псалъэхэр къыхалуцІыкІыжащ **Хьэхъупащіэ Борисрэ** абы и щхьэгъусэ **Светэрэ**.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● ФщІэн папщІэ

2018 гъэм зэрызыдгъэпсэхунур

Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкіэ и министерствэм унафэ къищтащ ди къэралым и щіыхухэр 2018 гъэм и махуэшхуэхэм зэрызыдсыну щІыкІэм теухуауэ. Абы ипкъ иткІэ дызыхуэхьІу ильэсым зыгъэпсэхуГуэ махуэхэмкІэ щІэддзэнуРэ апхуэдэуи духьІыжыну.

ИЛЪЭСЫЩІЭР гъэлъапІэным мы гъэм дыпежьэнущ. **Дыгъэгъазэм и 30, 31** махуэхэр щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэрытехуэм къыхэкІыу дыдэсщ. Лэжьыгъэм дыщыпэрыхьэжьынур **щІыкІыплъэм (январым) 9-рщ**.

Хэкум и хьумакІуэм и махуэм папщІэ **мазаем (февралым) и 23-м щыщІэдзауэ 25 пщІондэ** зыдогъэпсэху. Абы щыгъуэми цІыхубзхэр дгъэлъапІэну зэкІэлъхьэужьу маХуиплІ тхуэхакаф - **гьатхэпэм (мартым) и 8-11-хэр**.

Гьатхэмрэ лэжьыгъэмрэ я махуэми кІыхьу дыдзсынущ. **Мэлыжьыхьым (апрелым) и 29-м щыщІэдзауэ наКъыгъэм (майм) и 2 пщІондэ** зыдгъэпсэхунущ, ауэ абыхэм япэ къит щэбэтым, мэлыжьыхьым и 28-м, дылэжьэнущ.

ТекІуэныгъэм и махуэм хухахар **накъыгъэм и 9-м** и закъуэущ, тхьэмахуэм и курыкупсым зэрытехуэм къыхэкІыну.

Гъэмахуэм и етІуанэ щэбэтми, мэкъуэуэгъуэм и 9-м, дылэжьэнущ. Апхуэдэу ящІащ бэрэжьейуэ хуэзэ Урысейм и махуэм зэкІэлъхьэужьу **мэкъуэуэгъуэм (июным) и 10-12-хэм** дыдэсын папщІэ.

Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэми апхуэдизрэ зыдгъэпсэхунущ. **Щэкіуэгъуэм (ноябрым) и 3-м щыщІэдзауэ и 5-м пщІондэ** дылэжьэнукъым икІи Іэнатіэм дыщыпэрыувэжьнур гъубжращ.

2018 гъэм и иужьрей щэбэтри лэжьыгъуэ махуэш. Абы и пІэкІэ **дыгъэгъазэм и 31-м** зыдогъэпсэху.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къхэутэныгъэхэмкІэ и институтым и лэжьакІуэхэр институтым адыгэбзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Бищіо Борис Чэмал и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Бищіо (Мэкъуауэ) Бабыху Дарыкъуэ и пхъур** дунейм зэрехьжам къыхэкІыу.

Адыгэ бзылъхугъэ Къумыкъум и зэфIэкIыр

**Аруан къуажэм и курыт еджапIэр дыщэ медалькIэ къиуха нэужь, Къумыкъу (Къумахуэ) Динэ щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм. Пщащэм дежкIэ щапхъэт илъэс 50-м щIигъукIэ щIэблэр гъэсэныгъэ егъэджэныгъэ зи гуащIэ хэзылъхьа и адэ-анэр. А тIуми къыхуагъэфэщат КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ щIэ лъапIэр, Галинэ (Щоджэнхэ япхъуц) ЩIыхьым и дамыгъэ орденыр кратауэ щытащ. Мухьэрбий илъэс куэдкIэ Аруан курыт школым и унафэщIу къэхъуащ. Урысейм егъэджэныгъэмкIэ и отличник щIэр Галинэ Мухьэрбиевэ къыфIащат. Дини мы зэманым екъулIэныгъэфIэхэр зыIэригъэхьагъэххэщ: филологие щIэныгъэхэм я кандидатщ, доцентщ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ секретарщ.

ЕДЖАПIЭ нэхъыщхьэм иджыри щIэсу Динэ щIэныгъэм дихьэхьи щIидзат - студент олимпиадэхэм жыджэру хэтт, Санкт-Петербург, Челябинск, Мэхъэчкъалэ, нэгъуэщI щIыпIэхэми щрагъэкIуэкI щIэныгъэ конференцхэм къыщIопсальэрт.

Университетыр къыщиухым, КъБКъУ-м и ЩIэныгъэ советым ар Санкт-Петербург къэрал университетым игъэкIуащ и щIэныгъэм щыхигъэхъуэну. А зэманым абы къигъэсэбэпхьажащ КъБКъУ-м щIегъэта щIэныгъэр. Аращ абы аспирантурэр щIэхэугъэкъарууари. Динэ фIыщIэ яхуищIу игу кьегъэкIыж и егъэджакIуэхэр: Балъкъэр Борис, Щэрдан Iэбу, Къардэн Бубэ, Яковлевэ Галинэ, КIасэ Алий, ШэджыхьащIэ Марие, Апажэ Мухьэмэд, Иуаныкъуэ Нурбий, КIуэкIуэ Жэмалдин, Балэ Иринэ сымэ.

Санкт-Петербург къэрал университетым Къумыкъур щадзлажьащ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Колесов Владимир, Вербицкая Людмилэ, Ивановэ Верэ, Акимовэ Галинэ, Буланин Лев, нэгъуэщIхэми. Урысыбзэ орфографием елэжь профессор цIэрыIуэ Ивановэ Верэ и щIэныгъэ унафэщIу Динэ и диссертацэр игъэхьэзырад икIи пкигъэкIащ. Уеблэмэ иужькIэ абы и лэжьыгъэм гулъытэ къыхуищIауэ щытащ РАН-м урысыбзэ орфографиемкIэ и Комиссэм: профессор Кузьмина С. М. и тхыгъэм къыхихIэщIгъащ Къумыкъум и диссертацэм урыс орфографием теухуауэ хэлъ купщIэр къэбгъэсэбэп зэрыхьунур.

ЩIыналъэм къигъэзэжа нэужь, Къумыкъу Динэ лэжьэн щыщIидзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым. Псом япэу абы и пщэ кралъхьат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу къэзакъэм я псэлъэкIэр джыныр. Институтым къызэригъэпэща къэхутакIуэ гупым хэту, Динэ Прохладнэ районыр къызэхихкIуэхуэр бзэм теухуауэ гъэщIэгъуэн куэд зэхуихьэсащ. Къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр иужькIэ щIэныгъэ лэжьакIуэм къытрыригъэдзэжащ урысей журнал зыбжанэм.

Мыгувэу Къумыкъу Динэ къыхуафэфэщащ щIэныгъэ секретарым и Iэнатlэр. Абы и пщэ дэлъщ институтым лэжьыгъэ нэхъыщхьэу иригъэжкIэхэр къызэгъэпэщыныр: къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIыныр, абыхэм ябгъ иткIэ ятха тхыгъэхэр къыдегъэкIыныр, аспирантхэмрэ студентхэмрэ егъэджэным пыщIа IуэхущIафэхэр зэфIэгъэкIыныр, щIэныгъэ советым и зэхуэсхэр гъэхьэзырыныр. Мы Iэнатlэм Iуту зэрылажьэ илъэс 19-м Къумыкъум щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм, ар къызэгъэпэщыным зэфIэкI хъарзынэхэр къыщигъэлъэгъуащ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ теухуауэ щIэныгъэ лэжьыгъэу 50-м щIигъу. ЖыпIэпхъэщ, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ, Бищlо Борисрэ ТIымыжь Хьэмыщэрэ я гъусэу Къумыкъум къыдигъэкIа «ЕджапIэхэм папщIэ урыс-адыгэ псалъалъэр» нэгъуэщI щIыналъэхэми щыщ щIэныгъэлIхэм гъэщIэгъуэн зэрращихьуар, мызэ-мытIэу а тхылъыр Москва, Санкт-Петербург дэт Iуэхущlапlэхэм я лъэIукIэ зэрыригъэхьар. Мы зэманым къэхутакIуэ гупым хэту ар йолэжь псалъэ мин 60-м щIигъу зэрытыну урыс-къэбэрдей-шэрджэс псалъалъэм.

Къумыкъум и гуащIэ хэлъщ илъэс 30-кIэ къыдэмыкIа «Вестник КБИГИ» щIэныгъэ журналыр 2001 гъэм зэрызэтраублэжам икIи мы зэманым ар абы жэуап зыхъ и секретарщ. Апхуэдэуи ар жыджэру хэтщ щIэныгъэ тхыгъэхэр щыщэхуэхьэса сборникхэр къыщэгъэпэщыным, институтым щIэныгъэ конференцхэр щегъэкIуэкIыным. Ар йолэжь Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтымрэ Урысейм и щIэныгъэ-къэхутакIуэ Iуэхущlапlэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэм зеГъэужьыным. Къумыкъум гулъытэ хэха хуещI щIалэгъуалэр гуманитар къэхутэныгъэхэм дегъэхьэныным, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр гъэхьэзырыным. Абы и жэрдэмкIэ институтым щыщIэзэрагъэпэщащ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я советыр. Ар Къумыкъум и нэIэм щIэту мэлажьэ, щIэныгъэ конференцхэр ирагъэкIэ, щIалэгъуалэм я щIэныгъэ тхылъхэр щызэхэхьэса сборникхэр къызэрагъэпэщ, аспирантхэмрэ институтым практикэ яIэу кьекIуалIэ студентхэмрэ лекцI эхьуоджэ.

«Институтым и лэжьакIуэ гупым ухэтыныр си дежкIэ гухэхъуащ. Сыту жыпIэмэ, щIэныгъэм дихьэха, зи гущIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ джыным тезыхуэа щIэныгъэлIхэм гъэщIэгъуэнщ уадэлэжьэну. Ильэс къэс ди щIэныгъэлIхэм щIэныгъэ тхыгъэ 300-м щIигъу къытрыригъадзэ, монографиеу 30-м нэблагъэ ягъэхьэзыр. Дэтхэнэми и лэжьыгъэм пщIэ хуэщIыпхъащ, дэтхэнэри къэкIуэнум толажь», - жIэ Динэ.

Бзылъхугъэм гуманитар щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIым папщIэ къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩIыхь тхылъыр (2016 гъэм), ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академиемк (2001 гъэм), КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм (2007 гъэм), КъБР-м и Правительствэм (2013 гъэм) я ЩIыхь тхылъхэр.

Дэтхэнэ цIыхуми, псом хуэмыдэу бзылъхугъэм дежкIэ, сыт хуэдэ Iуэхукlи щIэгъэкъуэн иЭныр куэд и уасэщ. Динэ и унагъуэр - и щхьэгъусэр, и къуэхэр, и гуащэ Раисэ - и щIыбагъ къыдэтщ. ФIыщIэ хуищIу, Динэ и гуапэу игу кьегъэкIыж и тхьэмадэр - профессор, Кавказым и тхыдэр джыным и лъабжьэр зыгъэтIылъа Къумыкъу Тыгъуэн. «Си унагъуэр, къызэдэлажьэхэр къызэдэмыпIэныкъуамэ, зыри схуэзфIэкIыну къыщIэкIынтэкъым», - жIэ Динэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Зауэмрэ абы и ужь ита илъэс-хэмрэ къызэрымыкIуэну зэрыхьэлъар фIы дыдэу ящIэж ар зи нэкIэ зылъэгъуахэм. Абыхэм ящыщщ зауэм ипэкIэ унагъуэ дахэу Инары-къуей жылэм дэса Щыдакъэ Алийрэ КIунэрэ я пхъуищри.

Псэм игъэвыфыр

Щыдакъ эзэшыпхъуэр *(сэмэгумкIэ щегъажьауэ)*: **Таузин, Къарэ, Марие.**

БЫНЫМ я нэхъыжь Къарэ (Тумэхэ я нысэщ) и ныбжькIэ илъэсийм итащ абы щыгъуэ, курыт Марие (МэшащIэхэ я нысэщ) - илъэсиплIым, нэхъыщIэ Таузин (Ныбжькъэ я нысэщ) мазий фIэкIа мыхъуауэ Iэплlятесу ирихьэлIащ. Дауи, Таузин зауэр ищIэжыркъым, ауэ и шыпхъу нэхъыжьитIым нобэми Iупщlу я нэгум щIэтщ Курп лъагапIэхэм деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэри, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр жылэм къыщыдыхьа махуэри, цIыхухъэр цIыхугъэншагъэу бэм къалъыкъэкIауэ щыта куэди. А псом дыщигъэгъуэзащ Марие.

Зэрыфщlэщи, етIощlанэ лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм Мэрэйхэ я лъэпкъым гуауэщхуэ къатепсахуэ щытащ: гъащIэщIэм фрибийщ, фыкулакщ жаIэри, зы жэщым лъэпкъым щыщ цIыхухъэ 17 дашат. А зэманым и гудзэм дипIытIахэм ящыщщ мы зэшыпхъуищым я анэ КIунэ и адэ Мэрэй Къарэмырзэ. Налшык тутнакъэщым здисым, абы и пхъуитIыр лъагъунэгъу кIуат адэм деж. Гъэмылэ хуахьари Iахри, жыжьэри Iуагъэплъат. Анэр пасэу щащхьащIыкIым, адэ закъуэрат абыхэм гугъапIэуи плъапIэуи къахуэнар. Абы къыхэкIыу бынхэр иджыри щыгугъырт адэр хей ящIыжьыну. АрщхьэкIэ зыльэмыIэсыну хъуэпсапIэт ар - аргуэру лъагъунгъагъу щыкIуэм, гъэрхэр зыхъумэм мыжурэпэмкIэ адэм и щIакIуэ кIапэр ящIыщIэждэрэзыкIри къажьэхэлъат а тIум: «АфIэкIа фыкъэмыкIуэ, флъагъурэ мыр - фи адэм и хьэдэращи, зыIуевгъэх мыбдеж...».

А зэманым псэукIэщIэм и бий зыфIащдхэм я бынхэри щагъэкIуэд къэхъуртри, илъэс 16 фIэкIа мыхъуа КIунэ псынщIэу лIы ирату и хьыджэбэ унэцIэр хуэзэрахъэкIыну яужь ихьащ Iыхьлы гъунэгъухэр. Апхуэдэу ар щхьэгъусэ хуэхъуащ илъэс 17 фIэкIа зимыныбжь Щыдакъ Алий. Гуэзвэгъуэм зэридзылIахэр, я ныбжькIэ щIалэ дыдэми, я акъыл зэтехуауэ, зэгурыIуэ-зэдзIуэжу псэун ирагъэжьащ. КIунэ зауэр къэхъеихукIэ колхоз губгъуэм Iэпщэкlэ лажьэу итащ, Алии гурэ шырэ иныгъуу абы хэтащ. Зауэ къэбгъэзэм и хьыбар нэхъ зэпхыжаIыкI щыхъуэм, къуажэм щыщ куэдыр КъыдэмыкIа «Вестник КБИГИ» щIэныгъэ журналыр 2001 гъэм зэрызэтраублэжам икIи мы зэманым ар абы жэуап зыхъ и секретарщ. Апхуэдэуи ар жыджэру хэтщ щIэныгъэ тхыгъэхэр щыщэхуэхьэса сборникхэр къыщэгъэпэщыным, институтым щIэныгъэ конференцхэр щегъэкIуэкIыным. Ар йолэжь Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтымрэ Урысейм и щIэныгъэ-къэхутакIуэ Iуэхущlапlэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэм зеГъэужьыным. Къумыкъум гулъытэ хэха хуещI щIалэгъуалэр гуманитар къэхутэныгъэхэм дегъэхьэныным, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр гъэхьэзырыным. Абы и жэрдэмкIэ институтым щыщIэзэрагъэпэщащ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я советыр. Ар Къумыкъум и нэIэм щIэту мэлажьэ, щIэныгъэ конференцхэр ирагъэкIэ, щIалэгъуалэм я щIэныгъэ тхылъхэр щызэхэхьэса сборникхэр къыщэгъэпэщ, аспирантхэмрэ институтым практикэ яIэу кьекIуалIэ студентхэмрэ лекцI эхьуоджэ.

«Институтым и лэжьакIуэ гупым ухэтыныр си дежкIэ гухэхъуащ. Сыту жыпIэмэ, щIэныгъэм дихьэха, зи гущIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ джыным тезыхуэа щIэныгъэлIхэм гъэщIэгъуэнщ уадэлэжьэну. Ильэс къэс ди щIэныгъэлIхэм щIэныгъэ тхыгъэ 300-м щIигъу къытрыригъадзэ, монографиеу 30-м нэблагъэ ягъэхьэзыр. Дэтхэнэми и лэжьыгъэм пщIэ хуэщIыпхъащ, дэтхэнэри къэкIуэнум толажь», - жIэ Динэ.

Бзылъхугъэм гуманитар щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIым папщIэ къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩIыхь тхылъыр (2016 гъэм), ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академиемк (2001 гъэм), КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм (2007 гъэм), КъБР-м и Правительствэм (2013 гъэм) я ЩIыхь тхылъхэр.

Дэтхэнэ цIыхуми, псом хуэмыдэу бзылъхугъэм дежкIэ, сыт хуэдэ Iуэхукlи щIэгъэкъуэн иЭныр куэд и уасэщ. Динэ и унагъуэр - и щхьэгъусэр, и къуэхэр, и гуащэ Раисэ - и щIыбагъ къыдэтщ. ФIыщIэ хуищIу, Динэ и гуапэу игу кьегъэкIыж и тхьэмадэр - профессор, Кавказым и тхыдэр джыным и лъабжьэр зыгъэтIылъа Къумыкъу Тыгъуэн. «Си унагъуэр, къызэдэлажьэхэр къызэдэмыпIэныкъуамэ, зыри схуэзфIэкIыну къыщIэкIынтэкъым», - жIэ Динэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Адыгэ пщащэм къигъэсэбэпхэр.

Щапхъэ

ЕгъэджакIуэ, гъэсакIуэ цIэрыIуэ

ЩIэблэр егъэджэныгъэ гъэсэныгъэ зигугъэ зи псэрэ етахэм, а Iуэхугъуэр нэхъыфI, нэхъ дахэ хъун папщIэ псэемыблэжу лэжьахэм ящыщщ Нарткъалэ дэт етIуанэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ щезыгъаджэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджакIуэ нэхъыфIхэр» зэхьэзэхуэм текIуэныгъэ къыщыгъэхьа Къардэн Хуэмей.

ИЛЪЭС куэд щIауэ щолажьэ ар мы еджапIэм. ЩIэблэм я анэдэлъхубзэр фIыуэ ялъагъуу, къэбэрдей литературэр ящIу къагъэтэджыным теухуауэ Хуэмей лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI. Шэч хэмылъу, сабийр егъэджэныгъэм дебгъэхьэхыныр тыншкъым икIи а Iуэхум пэлъэщынур зи Iэщlагъэр фIыуэ зылъагъу, зэпымыуэу зи щIэныгъэм хэзыгъэхуэр егъэджакIуэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Къардэнэр щапхъэщ.

Къардэн Хуэмей къыдэлажьэхэм пщIэ къызхащI, и зэфIэкIхэм ирогушхуэ. А щIыхьыр, иригъаджэхэм я лъагъуныгъэр, абы къыхуэзыхьар гу хъэлэлкIэ, акъыл жанкIэ псоми зэрахэтыфырщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, къалэдэс сабийр адыгэбзэм хуебгъэджэныр нэхъ гугъущ, ауэ ар Хуэмей къохъулIэ, еш зэримыщIэм къыхэкIкIэ. Игурэ и псэрэ етауэ ар хущIокъуэ щIэблэщIэ къэхъур сэбэну, нобэрей гъащIэм хуэфащэу къэгъэхъуным. Абы иджыпсей Iэмал псори къегъэсэбэп, зэманым декIуу зеужь.

Анэдэлъхубзэр хъумэным, абы зегъэужьыным псэкIэ хуэлажьэ егъэджакIуэхэр зэрыщIыпи ди лъэпкъым гъуэгуанэ кIыхь, дахэ къыщэрыпэщылъым ущегъэгугъ. Абы телажьэ, зи гъащIэр тезыхуэа ЦIыху акъылыфIэхэри лъэпкъым дежкIэ фIыгъуэшхуэщ!

КЪУРАШЭ Эммэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Пасэрей ди цIыхубзхэр куэдрэ унэм икIыртэкъым. «ЦIыхубзым и Iуэхур жьэгу пащхьэмрэ бжэ-щхьэIумрэщ», - жаIэу щытащ. Абы къикIыр «цIыхубзыр унэм икIыу нэгъуэщI щIыпIэ щIэкIуэн щыIэкъым», - жаIэу арат.

ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ

Хабзэм щыщщ

ЛIЫМ КъРИХЬэПIэР фызым зэригъэзахуэу, зэригъэпэщу унэм щIэсу щытащ. ЦIыхубзыр зэзэмызэхэт щджэжэр, Iыхьлы гъунэгъуэхэр илъагъуну. Ар зэрежьэр выгут. Выгум Iэмал имыIэу гущхьэ телът. Гущхьэр щагъэ хужь бгъуэшхуэ зытепха упщIкIэ щIэуфат, уэшхымрэ дыгъэмрэ щихъумэу.

ЦIыхубз ису гу кIуэуэ, шу закъуэ къакIуэу ярихьэлIамэ, цIыхубзым нэмыс хуищIу шум диГъаэрти, зыкъомрэ дакIуатэрт. Пщы шу е уэркъшу я пщафэ щIалэ я гъусэу цIыхубз зэрыс гу ирихьэлIамэ, я пщафIэ щIалэр цIыхубзхэм ядэкIуэтэну къахуигъанэрт. «ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ», - жыхуаIэ псалъэжьыр къызэтеКIар аращ.

ЦIыхубз зэрыс гу псым зэпрыкIыну нэблигъауэ шу къакIуэу къарихьэлIамэ, ядигъаэзэрти, псым зэпригъэкIырт, «цIыхубзым къулейсызыгъэ къыщыщIмэ», - жIэртри, абы хуэсакъэуу.

ЦIыхубз хьэщIэр здэкIуэм зэрынэсу, бысымылIым IумпIэр иубыдырти, пщIантIм дишэрти, гур игъэувырт. Ауэ цIыхубз хьэщIэр цIыхухъым ириГъблагъэртэкъым. ЦIыхубзхэм ирагъэблагъэрт. Сыт хуэдэ цIыхубз хьэщIэуи щрырети, хьэщIэщым цIыхубз ирагъэблагъэртэкъым.

ЦIыхубзыр нэхъ зэрагъэльэщIэ хабзэр джэдкъаэт, гъэшхэкIт: къхуейкъапхъэ, жэмыкуэ хуэдэхэр арат. Ныш хуаукIыри къэхъурт, хуамыукIми емыкIутэкъым.

Адыгэ хабзэкIэ, зы унагъуэм зы цIыхухъэрэ зы цIыхубзэрэ щIэзэрихьэлIауэ зэхьэщIэгъу хъуамэ, зэнэIуаесу щымытмэ, здзэуэршэрыну, здзэшэну хабзэтэкъым. Ар къызыхэкIыр цIыхухъымрэ цIыхубзымрэ зэхуаIэ нэмысыр арат. Ауэ хьэщIэхэр щIалэ зи къэшэгъуэрэ хъыджэбз зи ишэгъуэу щытмэ, а тIур зэрагъэцIыхурт, хэгъэрей зэхуащIырт, зэдагъэуэрщэрырт.

Хамэ цIыхухъу здэтIыс Iэнэм цIыхубз ядэтIысыртэкъым, ядэшхэртэкъым. Ядэшхэн дэнэ къана, цIыхубзхэр щIэкIырт е мытIысу ящрьэщыт, шхэн яухыу.

Адыгэр хьэщIэкIэ зэрыфIым ещхьырыкъабзэу, ерыскъыкIэ, шыгъупIастэкIэ хьэлэлт, цIыхум хэгумащIэт, «си шыгъупIастэ цIыхум ишхарэт», - жиIэрт.

Ар къызыхэкIыр цIыхухъымрэ цIыхубзымрэ зэхуаIэ нэмысыр арат. Ауэ хьэщIэхэр щIалэ зи къэшэгъуэрэ хъыджэбз зи ишэгъуэу щытмэ, а тIур зэрагъэцIыхурт, хэгъэрей зэхуащIырт, зэдагъэуэрщэрырт.

Хамэ цIыхухъу здэтIыс Iэнэм цIыхубз ядэтIысыртэкъым, ядэшхэртэкъым. Ядэшхэн дэнэ къана, цIыхубзхэр щIэкIырт е мытIысу ящрьэщыт, шхэн яухыу.

Адыгэр хьэщIэкIэ зэрыфIым ещхьырыкъабзэу, ерыскъыкIэ, шыгъупIастэкIэ хьэлэлт, цIыхум хэгумащIэт, «си шыгъупIастэ цIыхум ишхарэт», - жиIэрт.

Сабийхэм джэгуэгъу къахуэхъуащ. Нобэми Шыдакъ зэшыпхъуэхэм а унагъуэм фIыщIэ хуащI, зауэм ирихужьа зэрыбыним мазэ енкIэ зыкъызэрыщIагъэкъуэфам щхьэкIэ. ЦIыхугъэрэ хабзэу а унагъуэм къыкIэлъыдзэрахьари ящыгъупщакъым. Зы мазэ хуэдиз дэкIауэ нэмыцэхэр я жылэм зэрыдахужьам и хъыбар зэхахащ абыхэм. Куэд дэмыкIыуи Быбэ и бынхэр щIэмрэ иукIыным зымащIэщ иIэжар. ЩIы къателъэлъэжам щIихъумэжьыпат ахэр, къыщыщIалъэфыжам псэуж ягугъэххатэкъым. Ауэ, я насыпти, къелащ.

Марие зэрыжиIэжьмкIэ, нэмыцэхэр пщантIэм дэсхухкIэ, зыкуейр ящIащ, джэдкъазыр, гъэтIылъыгъэу яIэр яшхащ. Уеблэмэ, нэмыцэхэм зыгуэр япщэфIынумэ, унэ блынхэм кIэрыIуIа пхъэбгъуэхэр къыкIэратхъыурэ гъэсын ящIу дэсащ.

Грознэ щIыдагъэм хуеIэ нэмыцэхэр къагъэувыIэн папщIэ, зэхэуэ гуащIэхэр Курп лъагапIэхэм деж щекIуэкIат. Гужьеигъуэр зыльэIэса цIыхухэр щхьэрыхьу зэбгрыкIырт, щхьэж и гъуэгу и занщIэу. «Зы гу цIыкIум унагъуищ ису, хьэпшыпымрэ гъуэмылэмрэ тIыгъыу дэри ди анэм дришэжат абы щыгъуэм, - пещэ и гукъэкIыжхэм Марие. - Ди анэм и гъусэт и мылъку гуащэ Быбэ, езым и бынищыр щыгъуэу. Апхуэдэуи Быбэ къыздришэжат зауэм дэкIа и дэлъху Исмэхьил и бынитхури. Ахэр анэнэшэу унэм къыщIэнат. Топышэм иукIа и нысэм и бынхэр абы дэнэ ихьыжьнт?! Сабий пщыкIуэ дыхъуэ апхуэдэу драшэжьащ. Ди анэм сыт гъуэмылэу иныгъар жыпIэмэ, зы псы фэндырэрэ щIакхъуэ ныкъуэрэт...».

Арати, Арыкъымкlэ щхьэпрыкIри, Хьэпщlей жылэм ухуэзышэ гъэугум ахэр теуващ. Сабий Iэплlэтесхэр гум ист, кIуэфыр - лъэст. ПщыхьэщхьэхуеГъэззкI хуэуэ, Хьэпщlей жылэм нэса иужь, ябгьна зы унэ кьаГъуэтри, жэщыр абы щрахьну мурад ящIащ. МафIэ ящIамкIэ сабийхэм зыгуэртIэкIухуагъэхъэзэырщ, Iуагъахуэри, лъэгум щрагъэгъуэлъыкIащ. Жэщым Марие и щIэу макъ хъэIуащ. Анэр гужьеигъуэкIэ быным щыщхьэщыхьэм, пхъур къыхуэмыщIыхужьну зэщIэбзат. Гъэзгум гуфы щэхьа мы сабий тхъэмыщкIэм и Iэпкълъэпкъыр зэрыщыту зэщIэбзагъуэ арат... Нэху кьекIри, сабий гукъыдзмыжьр гум ирагъэгъуэлъхьэри, Болэтэйкlэ яунэтIащ. Абыхэм я плъапIэр Марие и анэм и адэ шыпхъу КIэнщlэлий КIупэ и деж екIуэлIэныр. Ар и пщыкъуэ КIэнщlэлий Темболэт и пщIантIэм щыпсэууэ арат.

Я псэр пыт къудейуэ ахэр Болэтэй нэсащ. Мащэм щIигъкIэ зэрыбыныр КIэнщlэлийхэ я жьэгу исати, къыхуэгупащ, зы хьэлу Iыхьэр зэдагъэшу, КIупэ и бынхэр - ТIушкIэрэ Людэрэ - сабий кIуэдам лъыхъуащ псори зэрехьэжьэри. ПщыхьэщхьэхуэкIуэ Iуэ лъэдакъэм и щхьэфэр трилъэфауэ, сабийм кьежэх лъыпсым гъудэ-бадзэр кьепщIауэ къагъуэтыжауэ щытат.

Нартыху кIэчанитIым анэр текIуэдэнкIэ шынагъуэ щыщIыари абы щыгъуэщ. Алыхьым гущIэгъу къахуищIыжат зэрыбыним. Шыпхъу нэхъыжьым анэмрэ щхьэкъэIэтыпIэ ямыIэу губгъуэм итт. Иджыри сабий дыдэми, Марие унагъуэ къалэнхэр абдеж къыщIыжьэхуауэ. Абы къыдэIэпыкъурт пщIантIэм кьадыдэс, и анэм и нысэгъу нэхъыщIэ КIупмэ. Ауэ ари губгъуэ лэжьыгъэм щыдахуэу щыдэсыр зэззэмысэххэт. Шэнт щIыкIыр хьэкум кIэригъэувэрэр мэжаджэ яхуигъахьэу, джэдкъаз тIэкIу зэрагъэпэщыжам псырэ шхынрэ яриту, шыпхъу нэхъыщIэ Таузини кIэлъыплъу пщIантIэхъумэу ар дэст. «Илъэс 13-м ситу колхозым сыхьхьащ, - жаIэ Марие. - Iэпыдзэгъэдзу, зэрыжаIэу, хухьэ-псыхьэу нэхъыжьхэм сраIащ ятеплъыжьа. Иужькlэ гъавэ хэссэуи сыщыIащ си анэм сригъусэу. Ди анэ тхъэмыщкIэм зыщIэзэгъэхъуэну сыхущIэкъурт, и узынщагъэр зэрымыщIагъэр сщIэрти. Илъэс 50-м фIэкIа къудейуэ ди анэр дунейм ехьжащ...»

Зэшыпхъуэхэм я анэ КIунэ Iэпэлэсэт: дэнбэзнми хэдыкIми хуэIэрыхуэт, уагъи хуэщIырт. «Анэм и гъуапэр пхъум и пщамплIэщ», - жаIэ пса-лъэжьым. Зы махуи а щIагъэм хуемыджаэу, Марие иужькlэ дэрбзэр Iэзэ хьуащ, илъэс куэдкIи абы ирилэжьащ. И анэр жылэм яхуэдэу, зи ишэгъуэ пщащэхэм я тепIэнщIэльмыкIэ яхуигъэхьэзыру, «КIунэ имыдамэ зырикIщ», - жаIэу а щIыхьбзым и щIэфI куэджэм дзпъащ зэман кIыхькIэ. А зэманым псэуа фызэбзэхэм я бынхэр къэхъуащ бэшэчу, лэжьыгъэм зыкIи щымышынэу, тэмакъкIыкIэу, цIыхугъэрэ нэмысрэ яхэлъу.

Мэрэйхэ игъащIэми лъэпкъыжьу, уэркъ-лIакъуэлIэшу къэгъуэгурыкIуащ. Абы къокI а лъэпкъым щыщхэр гъэсэныгъэкIи, ябгъдэлъ акъылкIи, яIэ гупсысэкIи дапщэщи нэхъ хэIэтыкIуаэ зэрыщыгар. Совет власты щIэхьыншэу зэтригъэсхьа лъэпкъым и куэпсыр иужькIэ хуэму къыдэжькри зыкъиужьыжащ. Бзылъхугъэр ин зыщI, зыгъэдахэ хьэл-щхэкъэр хэлъу ГъащIэм ирикIуа Щыдакъ (Мэрэй) КIунэ (мыбдежьм жыIапхъэщ абы и анэ Лафыщ Лани уэркъым ьхьаэрыкъэкIр) хуэзфIэкIащ и пхъуищр а псом щIиплыкIын, дахэу игъасэу ГъащIэм хигъэувэн. Зэманыр псы уэрщи, йоукIуриех. Уэс мыткIужыр зэшыпхъухэм иджы я щхьэм къытесащ, я ныбжькIэ къэзылъхуа я анэ Iэфым нэхърэ куэдкIи нэхъыжь хуэжьажэщ. Быным и быным и гуфIэгъуи, уеблэмэ абыхэм къалъхужажэм ейми хэплъэн хунэсаи яхэтщ. ГъащIэ къакIуам и Iэфи и дыдж хуэди зэдагъэшащ зэшыпхъухэм. ИтIани, якIэрымыкIыж ныбжьы, абыхэм сыт щыгъуи къабгъурытщ я сабиигъэ ГъапIэрышэр хахуэзыгъэдыджа зэман бзаджэр.

ЗЭРАМЫЩIЭ Маринэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар ЩХЪЭЩЭМЫЩІ Иэзэ

● Дыщэлъхуа щІыналъэм

Дзэлыкъуэ районым и щІыпІэ дахэхэм ящыщщ Шэтхъурей гуэлыр.

● Хъуэхъу

Налшык къалэ щыпсэу Гъуэплъащ Іэ Дианэ Тіэхьир и пхъур нобэ къыщалъхуа махуэщ, илъэс 18 ирокъури дохъуэхъу!

Псэм хуэдгъадэ, фІыуэ тлъагъу ди пхъурылъху Дианэ! Илъэс 18-р балигъ гьащІэм ухэзышэ ныбжькъэ. Уэ курыт школыр фІыуэ къэбухауэ, удэзыхьэха Іэщ Іагъэм ухуоджэри, екъуІэнэигъэ, узыншагъэ быдэ уиІэну, уи дунейр дахэрэ уэркІэ дыгушхуэу упсэуну, гъащІэм гу щыпхуэну ди гуапэщ, льагъуныгъэрэ фІыгъуэкІэ гъэнщІа насыпкІэ Тхьэшхуэр къыпхуэупсэ!

Уэртэнхэ уи адэшхуэ Хьэжмуридрэ анэшхуэ ФатІимэтрэ, уи Іыхьлыхэр.

Бобикрэ Джекрэ

Псысэ

Елбэздыкъуэ жылэм и хьэблэхэм ящыщ зым зэгъунэгъуу щыпсэурт Хьэжбэчыррэ Іэубэчыррэ. Псори зэхъуапсэм хуэдэ унагъуэт ахэр: хабзэмрэ нэмысымрэ я жьэгу дэлъу, сыт и лъэныкъуэкІи хуэщІауэ псэурт. УнагъуитІми, зэпеуэ фІэкІа умыщІэну, джэдкъаз хъушэ зэрахуэрт. Махуэ къэс я абгъуэхэм джэдкІэу матэ из кърахырт.

Зы пщэдджыжь гуэрым Хьэжбэчырхэ я хьэжь цыкІу Бобик пщІэууэ унагъуэр къигъэушащ.

- Сыт къэхъуар, Бобик, щхьэ упщІэуэрэ? - щІэупщІащ унагъуэм я ныбжьыжьыр.

- Дауэ сымыпщІэнрэ, - зигъэтхъэмыщкІафэу жэуап къет Бобик, - ныжэбэ фыкъысхуэмыгъэушурэ зы бажэжь, гъуэжьыфэ-плъыжьфэ хъужауэ, и кІэ баринэ бэлацэр ильэфу къакІуэри, а уэ пщІэ адакъэ купраузыфэр сыкІэрыщІауэ сфІихьащ. Абы папщІэ сыт кІыбзэфщІэми къэзлэжьащ.

- Зы адакъэ бажэм ихьамэ, зытлІэжьин-тІэ?! - жиІащ къыфІамыІуэхущІэу Хьэжбэчыр.

Арщхьэкіэ бажэр зы адакъэкіэ увыІэнт?! Къэкіуэрей хъуащ. Бобик пэмыльэщу унагъуэм джэдкъазымкІэ хэщІыныгъэшхэу къахилъхьащ. Я Іэунэгу Іэубэчырхэ я джэдкъазым бажэр зэрыхэмыІэбэм Бобик и хуэкъуэм къыхигъахъуэрт. Дауи, къыгурыІуэрт ар зи фІыщІэр абы я мэлыхъуэхьэ Джеку зэрыщытыр. А Іуэхум Бобик гупсысэшхуэм хидзащ: «Сэри Джек хуэдэу сыпІашэу, сыкъарууфІэу щытамэ, си Іуэхут сэ бажэм зы джэд езгъэхтэмэ. СыцІыкІущи, бажэм тегушхуэгъуафІэ сищІауэ аращ. Дауэ мыхъуми, мы Іуэм зы Іэмал гуэр къыхэгупсысын хуейщ», - щызригъэзахуэрт абы и щхьэм. Сытми Бобик мурад ещІ Джек къигъапцІэу абы я джэдкъазым бажэр ириутІыпщыну.

Хьэжь цыкІум бажэр нэІуасэ кьещІри, жреІэ:

- Ди джэдкъазым пшхы хъун хуэдэ къыхэбнэжакъым, ди гъунэжъум ейм узэрыхсІэбэн Іэмал къыпхуэзгъэуэтащ. Сэ Джек ди дежкІэ кьесшэкІынщ, шхынкІэ къыдэсхьэхынщи, тезгъэхьэулеикІынщ, апщІондэхукІэ уэ абы я джэдкъазым ухэуэнщ.

Апхуэдэу бажэм Іэубэчырхэ я джэдкъазыр игъэкІуасэу щІедзэ. Ауэ хуэдизрэ Джек уедыгъуэфынт?! Іуэхур зытетыр мэлыхъуэхьэм къышыгурыІуэм, лейр имыгъэгъуну гьунэгъум екІуэкІащ. ПщІантІэм къызэрыдыхьэу, абы Бобик зридзри, хьитІым ззззуэн щІадзащ. Хьэжбэчыррэ Іэубэчыррэ хъэхъуар къагурымыІуэу хьэпэ зэкІэрачьжащ.

Хьэзэрышхьм фэбжьышхуэ хэзыхар Бобикт. ТхьэмыщкІафэ дыдэ хъуэуэ ар щилъагъум, абы и деж Джек кьекІуэкІащ. Бобик гъунэгъум зэрекъуэнщэкІар ищІэжьрт, и щыуагъэр зэригъэзэкІуэжыным егупсысырти, кьхъуэкІуар щилъагъум щыгуфІыкІащ.

Абдежым Бобикрэ Джекрэ зэгурыІуащ лей кьатезыгъэхьам хуамыгъэгъуну. Арати, бажэм и зи чэзу къэкІуэгъуэм, хьитІым «ялъ» ящІэжащ.

ПЩЫБИЙ Сулътіан.

● Къуажэхьхэр

Къебэ-небэу къэзыкІухь

Жыгыжьхэм еІэзэ,
Ауэ Іэзагъэм хуемыджа.

ЖэщкІэ лъэтэрей,
Махуэкіэ жеирей.

Зи кІэр бажэкІэ,
Зи псэуплэр жыг щхьэкІэ.

Псынщіэ пэтми,
Бдзыну гугъущ.

Къебэ-небэу къэзыкІухь,
Псым хэсыныр зигу ирихь.

Лъапэ щабэ, щабэрыкІуэ,
Пшахъуэ щыпІэхэм щызэкІуэ.

Гъэмахуэм шхэрей,
Щымахуэм жеирей.

ЖЭУАПХЭР:

Жьгыжьыр. Жьаныр. КІэнхь. Бжьыр. Бжьхъуэ. Бжьыр.

Зэхэзылъхьар
ЩОДЖЭН Леонидщ.

● ЖыІэгъуэхэр

ЯІэтыр нэхъ лъэщу зыІэтхэм къащохъу

- **Губжьым гур къегъэкъабзэ.**
- **Гум уІэгъэ традзар кІыж хуэдэу хъуми, дыркъуэр зэман-зэманкІэрэ къоошынэуэж.**
- **Гум щІыхьэнум, щхьэр хуиткъым, щхьэм ихьэнур гум ищІэркъым.**
- **Псалъэр хущхъуэ хъунумэ, гум ежалІэркъым - щхьэм йоуэ.**
- **Псэм бэмпІэгъуэ телъмэ, узынщагъэми Іэфі щІэлъкъым.**
- **Зи щхьэ и унафэ зыхуэмыщІыхьым къыхуащІ и унафэщ.**
- **Зыщыдгъэгъупщэнур къонэри, дигу идгъэлъынур йоху.**
- **МафІэм исын пэрумыдзэмэ, зэхокІыж.**
- **Псыр псоми зэдайщ, бдзэжьейр ещІэм ейщ.**
- **Фейдэ умыльхъуэмэ, хэщІыныгъэ богъуэт.**
- **ХуэзэфІэкІынур Іэпэдзгъэлэл зыщІым, зыпэмылъэщІынум зыкІэрещІэ.**
- **Хьэрэ пэт зраушт псомебэныркъым.**
- **Щэуэ ятехуэн уи гугъуэрэ бгъэтІыгъуа псалъэр хъымпІар щамыщІыххи къохъу.**
- **ЯІэтыр нэхъ лъэщу зыІэтхэм къащохъу.**
- **Іуэху зэмылІэлІам зыхуущІэмыхьа фІащыж.**
- **Іуэху тыншым зыдебгъэхьэхмэ, ардыдэри къыптохьэлъэж.**
- **Уи акъыл, щІэныгъэ, гурыщІэ зыхунэмысамкІэ укъигъэщІакъым.**
- **ЩІыуагъэр адекІэпІащ, щхьэж къыщІих и дерсщ, ауэ къэухъ иІэкъым.**
- **ЩІэныгъэ къэхъ жаІэри ирагъэжьати, диплом къихьри къэсыжащ.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Псалъэжьхэр

Насыпыр пщэдджыжьым ягуэш

♦Уэщыщ яІэтыхукІэ пхъэм зегъэпсэху.
♦Лэжьыгъэм хэзэгъар щІэныгъэми хогуаэз.
♦Нобэ пщІа Іуэхур зыгуэрым пхуищІа хуэдэщ.
♦Бгым щыхунур шхийм егъэлъэпэрапэ.
♦Бдзэжьей щыкІу псышхуэм итхъэлэрэ.
♦Насыпыр пщэдджыжьым ягуэш.
♦Іуэху щІэкІэ зымыщІэр Іуэху щІэным егьалІэ.

● ГушыІэ

ЩІыхьыр зейр щыгъынырщ

Зэгуэрым Хъуэжэ пхъэ кьишэу кьуажэм къыщыдыхьэжьм, жылэм дэс лІыкъэр зы лъэныкъуэкІэ зэрыхьу ильэгъащ. Хъуэжэ къэуВыІэри, абыхъэм яхэупщІыхьащ:

- ЩыхуфІхэ, дэнэ мыпхуэдизу фыпІащІэу фыздэкІуэр? Къэхъуар сыт? - жиІэри.

- Пщым тхьэлъэІу иІэу докІуэ. Уэ ар умыщІэу дэнэ иджыри къэс уздэщыІар? - къыжраІащ абы.

Ар зэхэзыха Хъуэжэ пщІантІэм гур дихуэжри, витІыр щІигъэхуащ, пІащІэри и щыгъыныр зэримыхъуэкІыу, мэзэ зэрыщыІам хуэдэу, бэлэбанэу тхьэлъэІум кІуащ.

ТхьэлъэІум цыхъур щыІуат, хэтиефэешхэрт, хэти джэгурт.

Хъуэжэ пщІантІэм дыхьащ, ауэ ар зыми иригъэблэгъакъым. Зыкъиплъыхьщ-зыниплъхьри, зыми «кІэблагъэ» къыщыжримыІэм, къигъэзэри къыдзэкІыжащ.

Унэм къэкІуэжщ, мэзым зэрыщыІа щыгъныныкъэр зыщихщ, екІуу зихуапэри, тхьэлъэІум игъэзэжащ. Куэбжэм зэрыдыхьэу, тхьэлъэІур зезыхьэхэм ящыщу ІитІ къыпежажьэри, къыщыгуфыкІыу ирагъэблэгъащ.

- Уэ, Хъуэжэ угъурлыжь, иджыри къэс щхьэ укъэмыкІуарэ, дэнэ уздэщыІар? - жаІэурэ жьантІэм дашэри ягъэтІысащ, шхын нэхъыфІхэри и пащхьэм къраліхьащ.

- Шхэ, си цей джхужь, щІыхьыр зейр сэракъым - уэращІ - жиІэри Хъуэжэ и цеикІэр къызэщІикъуэри шыпсым хиІуащ.

МАХУЭ Іэлисэхь.

● Фэ фщІэрэ?

Хъуапсэрытэ

Іэщым «хъудэкІэ» йоджэ.

Псалъэр бзэм хэкІуэдыкІыжахэм ящыщщ.

Цыщ ныгъажэ. Лэжьыгъэм, адыгэхэм я нэгу зегъэужьыкІэм ехьэлІа хабзэщ. Пасэ зэманым мэл щыгъуэм адыгэхэм егупъуу зыхуагъэхьэзырырт, цым и фІыгъуэм блэмыкІыу цыщыр зэфІэгъэкІыным мыхьэнэшхуэ иратырт. Махуэ гуэр хахьрти, цыщ щыхьэху ящІырт. А лэжьыгъэр яуха неужь тхьэлъэІуи ящыкІырт. Абы щыщт «цыщ шыгъажэкІэ» зэджэри. Шыгъажэм щытекІуахэм саугъэту мэл, цы къащам щыщ иратырт.

ЩІэфІэщ джанэ. Сабийм иращІэкІ гуфІэгъуэхэм щыщщ. Сабий къалъхуагъащІэм щІэ фІэзыщам абы джанэ ирит хабзэщ, нэгъуэщІ зэрыджэгу хьэпшыпэ цыкІуфэкІу гуэрхэр щыгъуу. Абы щхьэкІэ Іэнэ къаІэтрэ сабийм щхьэкІэ хъуахъуэу щытащ. Ноби цІэфІэщ джанэ ят, ауэ абы щхьэкІэ Іэнэ къаухъуэрэ хъуахъуэу къыщыхъур зззэмызэхэщ.

ДУМЭН Хьэсэн.

Псалъэзэблэдз



***Іэкъэкіыу*: 3.** Урысей Федераціэм и Совет Нэхъыщхьэм и апэ унафэщІу щыта Хасбулатов ... **6.** Хьэщэтэщэм я лъэдий. **8.** Пасэрей зауэлІ джанэ, гъущІ хъаркІэ щІауэ. **9.** Хьэ ... тІысыпІэншэщ. **10.** Дзэм къулыкъу щызыщІэ. **11.** Лъэпщ и Іэмэпсымэхэм ящыщ. **13.** КьурІэным и зы пычыгъуэ. **16.** Бжэныфэ къэп. **17.** Ди мэлыр ... хьуауэ пщІантІэ кІэуцІыр зыхьурейуэ кьызэжьых. **18.** Хадэхэкі. **21.** Мыіэрысэ, кьыпцІэ, кхъужь, жьзум хуэдэкэр кьызэщІэзыубыдэ псалъэ. **24.** Ахъшэ жьгъей. **25.** Спорт зэхьэзэхуэм Іэ-плъэ увыпІэр къыщызыхьым ират медалыр къызыхащІыкІа гъущІхэкІ. **27.** ... и губжьыр кхъуэм щехьэ. **28.** Нартхэм я гъукІэ. **30.** Зи ... исым и уэрэд жеІэ. **31.** Щыхь лІэужьыгъуэ. Е цІыху къарууфІэ. **33.** ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артисткэ. **35.** ТхьэкіумэкІыхьэм фІыуэ яльэгъу хадэхкІ. **36.** Адыгэ режиссёр цІэрыІуэ ... Владимир. **37.** Іэмалшы, и щхьэ Іуэхур дигъэкІын папщІэ бзаджагъэм хуекІуэ цІыху. Адыгэ таурыхъхэм кьызэрыхущІымкІэ, бажэри апхуэдэщ.

***Къехьу*: 1.** Уэ пхуэдэ сещэмэ, щэ ... **2.** Кьудамэ, гуанэ зи куэд жьгъым щхьэкІэ апхуэдэу жаІэ. **4.** Ябынькъуэ джэдкъазэм, кьуалъбзуэкэм я щхьэщІыгум кьыхокІ. **5.** Іэпсалъэщ фІыуэ яльэгъу хадэжкІ. **6.** Къэбэрдей-балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ Бещтокъуэ ... **7.** Адыгэ псалъэжьым анэр - нэм, ар - дэм хуегъадэ. **12.** НысащІэр къыздраша унагъуэр, и лъэпкъыр. **14.** Дзыгъуэм и бий кІэуфІыцІ псэущхь дахэ цІыкІу. **15.** Адэ-анэм щехъуэхъуКІэ мыпхуэдэу щыжаІэ щы-Іэщ: «Уи быным я ... Тхьэм уимыгъэпІагъэкІэ». **19.** ... лъакъуэ шкІэ иукІрэ? **20.** Зиусхьэн лъэпкъ. **22.** Кьуеийльалъэ е кІэрпІоф дагъуэ ягъэва. **23.** ... и кІуэдыжьагъуэм дамэ кьыхтокІэ. **25.** Хьэку кІуэцІым жьэражьуэ ильщ. **26.** Совет зэманым зэхьэзэхуэм щытекІуа бригадэм ирату щыта, пхъэм фІэщІа щэкІ плъыжь щыкІу. **29.** Кьуажэ унафэщІым Іэуку ... зэфІигъэкІащ. **30.** Зэгъунэгъу щІыхубзитІ зэщыхьам я зым жеІэ: «ПщІы кьыстеплъэу ... кьыумыхь». **32.** Адыгэ сабийжэм папщІэ кьыдэкІ журнал. **34.** Зеинщэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Жэпуэгъуэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***Іэкъэкіыу*: 5.** ХьэмытІэ. **6.** Уэнжакъ. **8.** ШкІэрышэ. **9.** Ажэгуэмэ. **10.** Кхъуэнэ. **12.** Сыт. **13.** Чехов. **17.** Пыл. **18.** Уэтэр. **20.** Ужьэ. **23.** Уае. **24.** Бзу. **25.** Дзэл. **28.** Алъп. **30.** Дурэш. **32.** Кьута. **33.** Пабжьэ. **34.** Кьуэш. **36.** КІэрэф. **37.** Тхьэмбыл. **39.** Мурадин. **41.** Уэрэрэдж. **42.** Хуэрэджэ.

***Къехьу*: 1.** Умар. **2.** Уэсэпс. **3.** Жумарт. **4.** Бжэгъу. **5.** Хьэкіэзэпх. **7.** Кьамболэт. **11.** Нал. **14.** Етуу. **15.** Гуу. **16.** Хур. **19.** Тезыр. **21.** Лъей. **22.** Бдзы.

26. Хамащхьэу. **27.** Лъапэрисэ. **29.** Пыжь. **30.** Ду. **31.** Шху. **32.** Кьурэ. **34.** Кьуэладжэ. **35.** Шумахуэ. **38.** Мазэ. **40.** Арэф.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къанщокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маринэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэз.

Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап ях. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *редактору* **ЖЬэкІэмыхъу Маринэ**, *корректорхэру* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **Щоджэн Ининэ** *(1, 2, 3-нэ нап.). КомпьютерКІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.423 ● Заказ №1532